



Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo

Oscar Crespo, Jr.  
Direktè Lekòl la  
Maria Lojo  
Asistan Direktè

Mwa Dawou 2024

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl *Robert Morris, School No. 18*, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2024-2025 k ap kòmanse vandredi 6 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwonman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Chak ane nou fè anpil efò pou nou kenbe yon patenarya ki pi solid ant kominote lakay ak lekòl la. Patisipasyon paran nan yon ti koze, pran yon ti kafe, oswa rantre nan PTO a, se kèk nan fason manm fanmi an ka angaje pi plis nan kominote lekòl la, epi an memm tan rete konekte.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantre lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki déjà sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

#### **PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL**

*Ane lekòl 2024-2025 la, ap kòmanse vandredi 6 septanm 2024. Enstriksyon ap fet nan lè 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m.* Nan lide pou ede facilite bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantre ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

#### **PWOSEDI POU RANTRE NAN MATEN (8:20 A.M.):**

**K-134, K-137** ap rantre nan klas respektiv yo nan Durant Street.  
**K-103** ap pase nan klas 137 nan Durant Street.  
**K-102** ap rantre nan klas ki sou lòt bò Durant Street (premye pòt.)

#### **Robert Morris School No. 18**



**Klas 1, 2, & 3** – Ap aliye devan lekòl la sou Cross Avenue dapre nimewo klas yo. Pwofesè yo pral rankontre yo devan epi fè yo antre nan batiman an.

**Klas 4, 5, 6, 7, & 8 – Rantre nan lè 7:50 a.m. - 8:20 a.m.** – Elèv yo dwe antre nan pòt sou kote a (Pòt mawon kote Durant St fini an) epi ale dirèkteman nan kafetarya a. N ap sèvi manje maten depi 7:50 a.m. pou rive 8:20 a.m. Elèv ki anreta (ki vini apre 8:20 a.m.) dwe antre nan pòt prensipal la, epi siyen paske yo anreta.

#### **PWOSEDI POU RANVWAYE NAN APREMIDI (3:00 P.M.):**

**K-134, K-137-** nan klas yo sou Durant Street.

**K-103-** room 137 sou Durant Street.

**K-102-** nan klas yo nan lòt bò Durant Street.

**Klas 1 & 2- LAKOU REKREYASYON**- Paran ap antre nan bò goch batiman an sou lòt bò Durant Street) epi y ap kontinye ale dèyè batiman an.

**Klas 3 & 5** - Nan Durant Street- **Premye pòt toupre** Cross Avenue.

**Klas 4** – Bò goch batiman an (sou lòt bò Durant Street)- **dezyèm pòt**.

**Klas 6, 7, & 8** - Durant Street. **Dènye pòt kote ri a fini.**

---

#### **EPS KALANDRIYE LEKÒL**

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan jan w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2024-2025 la, tanpri vizite lyen sa a:

[SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2024-2025.pdf \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2024-2025.pdf)

---

#### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN**

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesesè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte.

#### **Robert Morris School No. 18**



Orè pou ane lekòl 2024-2025 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Jedi 29 Dawou.

### ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouveau elèv yo dwe mande yon nouveau kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesesè pou navege Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navege PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com)

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

---

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV AK PARAN**

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navege "PowerSchool Parent Portal," tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)..](https://www.powerschool.com)

---

### **RÈGLEMAN POU INIFÒM**

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilité disiplin ansanm ak ledikasyon. *Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.*

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade "***Uniform and Dress Code Policies***" epi swiv enstriksyon ki bay.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la

### **Robert Morris School No. 18**

---



nan vandredi 6 septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

---

### **APARÈY ELEKTWONIK**

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezulta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilej espesyal. Enplémentasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

### **NOUVO ELÈV**

Tout novo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

---

### **RETE KONEKTE**

#### **Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!**

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

### **ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN**

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsonèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

---

### **Robert Morris School No. 18**

---



Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl ptit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominate lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou ptit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

---

#### **DISTRI / ENFÒMASYON POU LEKÒL**

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsònèl ou regilyèman:

- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
- Avi Konsènan egzamen fizikal
- Fòm Media Release
- Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
- Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
- Aplikasyon pou manje midi

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou ptit ou” epi swiv enstriksyon yo.

---

#### **RÈGLEMAN SOU VAKSEN**

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre premye Janvye 1997, ki nan klas 6, **pou resevwa boutè dòz “diphtheria, tetanus and pertussis vaccine (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, papye vaksinasyon ki pwouve ptit ou k ap antre nan klas 6, nan dat **Vandredi, 6 Septanm , 2024**.

Elèv k ap antre nan Klas 6, ki fèt nan dat oubyen apre **Vandredi 6 Septanm, 2024** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an

---

#### **Robert Morris School No. 18**



rapidman apre randevou a. Lalwa oblige Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv resevwa vaksen yo mande yo.

**Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.**

---

### **TRANSPÒTASYON**

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
  - Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
  - Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò
- 

### **RETOUNEN LEKÒL ASWÈ**

Nou espere rankontre paran/gadyen yo nan Sware Retounen Lekòl la, nan dat ***Madi 17 Septanm 2024 a 5:30 p.m.*** nan ***Robert Morris School No. 18***

---

Nou espere nou tout pral kontinye jwi rès Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm vandredi 6 Septanm.

Sensèman,

Oscar Crespo, Jr.

Direktè Lekòl la

### **Robert Morris School No. 18**